Nomer 36 — Salasa 3 Maart 1925 (7 Roewah 1343) — Taoen ka 1

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan:
M. G. Kartaatmadja.
Tjiamis.

Djawa wetan:
Blaoeran G II No. 33a.
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pangmirahna dina 3 sasih f 1,50
Sataoen f 5,—
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Para saderek!

Artos langganan enggal kintoenkeun, da koran teu tiasa hiroep, oepami teu aja ongkosna. Noehoen ka noe parantos ngintoenkeun artos langganan.

### Wartos ti Directie.

Koemargi djoeragan Soetisnasendjaja moendoet sasasih teu ngamoedikeun Sipatahoenan, ngawitan Minggoe pajoen noe djadi Verantwoordelijk Redakteur djoeragan Atmawinata.

Directie Sipatahoenan.

### Kalakoean noe galede.

Ari dihantem koe oerang diintip-intip kalakoean karadjaan-karadjaan teu beda tae djeung djelema, hawa napsoena teh tempo mah kawas belis bo longkotan.

Ari madjar hawek teu kapalang, ana papasaean ngaroeksak ka noe dja di rahajat.

Sok radjeun bedja-bedja bae mah ngadenge kaajaan di noe diseboet Pacific tea, bo, Allah! sili pinteranana, sili gelokeunana matak . . . . . . doeka matak naon!

Geura ka poengkoer sadajana oge meureun aremoet keneh aja ontwapenings. Conferentie, njaeta badami tina hal kaajaan parabot perang, boh di laoet, boh di darat. Geuning poetoesanana teh nepi ka aja kapal perang noe koedoe diroeksak sagala roepa. Si Anoe noe Djepang koedoe euweuh, si Anoe noe Inggris, si Anoe noe Amerika, sakitoe lobana, noe Parasman koedoe leungit, sakitoe noe Inggris djeung satoeloejna.

Tatandinganana lobana kapal perang Inggris, Amerika djeung Djepang koedoe angger sakitoe kana sakitoe sakitoe (moen teu salah 6: 6 : 3).

Ieu teh lain pagawean boedak! pagawean tjikot-tjikotna oenggal karadjaan.

Koemaha ari ajeuna?

Inggris nambahan, Amerika nambahan Djepang emboeng tinggaleun, Parasman pon pilalagi! Geura lain aneh!

Noe hidji ngageunggeureuhkeun noe sedjen, kitoe bae sateroesna. Madjar teh teu ngalanggar poetoesanana Conferentie di Washington, da tjeuk bareto oge oelah nambahan slagschepen (kapal-kapal noe galede). Ari ajeuna noe saoerang rek nambahan 40 noe saoerang 26 djeung satoeloejna, tjenah teu asoep da kruisers djeung jagers (kapal-kapal noe laleutik).

Djeboel Amerika vlootmanoeuvre di Pacific! Djepang teu ngeunah. Ngarasa asa diantjam. Tapi tjeuk Amerika? Tobat sama sakali saues ngantjam; Ieu mah ngadjar perang bae di laoet.

Inggris?! Mesem . . . . . . tapi bari sadia, njieun palaboean kapal perang di Singapoer (noe ditjaram tea, moen teu salah, koe Washington Amerika).

Tooobat koelan. tjeuk Inggris ka Djepang, saaanes, sanes bade ngahantem andjeun, ieu mah teu bitan tjaringtjing bae.

Malah geus gen pirang tank tempat minjak keur ngadjalankeun kapal kapal perang.

Djepang? Tangtoe moal tjitjing!

Njieun ieu, njieun itoe.

Saha noe majar? Lain radja, lain minister! Rahajat! Rahajat noe kokolopokan Trotzkij noe oentoeng! Dimana rahajat toegenah, communisme melentoeng!

* * *

Djol deui Volkenbondsraad! Aneeeh deui bae. Tjeuk noe boga alpoekah, djenatna toean Wilson President Amerika, noe matak diajaan Volkenperdjangdjian, oelah nepi ka aja peperangan. Sagala patjektjokan koedoe bond sangkan saroea diboeungkeut koe dipoetoes kalawan perdamian bae, oelah make pakarang.

Eeeh poegoeh, enja, giak, pada tjotjog. Malah tjeuk pangharepan mah geus moal aja deui perang nepi ka djaga oge,

Tapi noe palinter, teu weleh ngotektak, teu weleh ekol, kitoe tea kieu tea. Djol peratoeran kieu, djol kitoe Hajang aja veiligheidsverdrag tea, Toeugtoengna veertien punten toean Wilson teh meh moesna, da poegoeh kakoeroeng koe napsoe, koe kahawekan. Toengtoengna oerang noe laladjo bet njeh bae hajang seuri nendjo noe palinter.

Benerna mah, nja! noe palinter kitoe mah, keur sina koemelendang oerang, hidjikeun bae djeung bangsa setan deui!

Koering.

### Drukkerij Pasoendan Tasikmalaja.

Kapoeengkoer dina Sipatahoenan parantos ditjarioskeun, jen Pasoendan Tasikmalaja bade meser drukkerij keur njitak koran Sipatahoenan sareng modalna diandilkeun ka djoeragan-djoeragan langganan Sipatoehoenan noe tjinta ka Pasoendan. Oepami saoerang dina sakwartaal ngintoen f 1,— sareng aja langganan 500 noe ngintoen tangtos dina sakwartaal parantos aja modal f 500,— ladjeng kwartaalna deui ngintoenan saoerang saroepia deui, djadi manawi aja artos f 1000,— Lah aja gampang ari ngitoengna mah nanging koemaha boektina. Ti kapoengkoer doegi ka ajeuna artos aandeel keur drukkerij tea f 303,— Seuseueurna djoeragan-djoeragan langganan teu ngarintoenan. Roepina kirang kapertjantenan ka Pasoendan Tasik. atanapi doeka koemaha. Nanging sanadjan ngan aja artos sakieu oja ajeuna drukkerij alit-alit bae mah keur dibestel pangaos f 600,— Nanging teu kiuten modalna (bedrijfskapitaal) kirangna. Ieu oge artos salangkoengna tina f 303 mah kenging namboet.

Tjing mangga saha deui noe bade kersa ngintoen pimodaleunana eta drukkerij. Da asana ten ari roegi mah moal margi padamelanana parantos tangtos nja eta keur njitak Sipatahoenan sareng koran ka eta drukkerij majar ongkos sapertos ka drukkerij sanes bae. Engke oentoengna sataoen sakali ditjarioskeun sareng di bagikeun ka noe masihan pimodaleun tea.

Anoe parantos ngintoen f 2— alangkoeng oge oepami portjanten mah sae enggal ngintoenan deui. Pirakoe soegan oepami dina sakwartaal ngintoen f 2.50 abot teuing. Oepami dibandingkeun sareng koran priboemi sanes mah sajaktosna pangaos Sipatahoenan f 1,50— teh katjida mirahna. Djadi eta mah noe f 1— salangkoengna tina artos abonnement sae anggap majar bae, nanging eta artos henteu leungit sareng engke oepami oentoengna dibagi keun kenging keur majar koran Sipatahoenan.

Sareng kapajoen Sipatahoenan kaloearna bade diboekoekeun, koe margi seueur langganan noe moendoet diboekoekeun. Njariosna ari sapertos koran biasa mah oepami parantos dibatja teh sok diptjeun bae, dianggo boengkoes oejah atanapi naon bae. Sanaos ongkosna langkoeng seueur oge, nanging bade njobi-njobi bae Sipatahoenan diboekoekeun, soegan koe njeueuranana abonne oge moal kana bangkroet Sipatahoenan oepami djoeragan-djoeragan langganan satia mah. Soegan eng ke oepami diboekoekeun katingalna langkoeng resep sareng langkoeng narikna ka djoeragan-djoeragan noe ngartos kana basa Soenda, djadi manawi langganananana deuki ngawoewoehan.

Kapoengkoer parantos ditjarioskeun ari tjita-tjita mah hajang ngaloearkeun s. k. dintenan nanging roepina ajeuna mah masih djadi tjita-tjita keneh bae.

Ningal di bangsa sanes „weekblad" biasana diboekoekeun sareng seueur langganan noe moendoet nja directie bade njobi njobi Sipatahoenan diboekoekeun. Mangga saha deui noe bade ngadeudeul?

Hoermatna Directie
Sipatahoenan.

### Nationaal Indisch Congres.

Dina taoen 1921 bareto di Bandoeng diajakeun eerste Nationaal Indisch Congres di gedong Jaarbeurs. Noe maraos oge tangtos aremoet keneh. Ti harita dongkap ka kiwari pleung les bae.

Tapi kamari ieu djol deui kabar tjenah, rek njieun koempoelah noe tetep, noe maksoedna oenggal taoen ngajakeun Nationaal Indisch Congres (keur sa Indonesia). Malah di Bandoeng ajeuna geus ngadeg comite noe bakal ngoeroes congres engke dina Kerstmis (boelan December).

Noe djadi voorzitterna djrg. Safioedin Soerjo Poetro, vice Voorzitter djr. K. Karnadidjaja 1e secretarisna djrg. Soekabar djeung Penningmeesterna Soekarpo. Lantaran congresna moal dina hidji tempat bae tangtoe pipindahan ka tempat-tempat noe aloes pikeun koempoelan gede, nadjan ditetepkeun ajana Congres oenggal taoen tangtoe saban-saban Congres koedoe ngabenoem Comite anjar, ditempat noe rek aja Congres tea. Gawena Comite ngoeroes Congres (sasadianana sagala roepa) djeung ngadjalankeun poetoesan-poetoesan Congres.

Lain bae djelema-djelema tapi oge pagoejoeban-pagoejoeban bisa djadi lid Nationaal Indisch Congres.

Noe rek dioeroes koe congres djaba ti politiek teh hal economie deui, Cultuur djeung paedagogie (elmoe ngadjar). Di oenggal oenggal Congres dibadamikeun koe sareres.

Poetoesan-poetoesan Congres teh ari keur elid elidna mah teu djadi kawadjiban (bindend) njaeta sangkan oenggal-oenggal pagoejoeban noe miloe ka na Congres oelah kahalangan boh di na maksoedna boh dina peta-petana ngoedag maksoed. Djadi Nationaal Indisch Congres teh hidji pagoejoeban lain hidji partij.

Dina Congres noe rek diajakeun di na Kerstmis tea noe rek dibarempoegkeun babakoena tina hal Nationale politiek Ieu noe rek dibadamikeun teh:

1e. Naha perloe atawa leuwih hade Indonesia salawasna patjantel djeung Nagara Walanda?

2e Naon dadasarna staatsinrichting Indonesia noe ngadeg sorangan atawa merdika?

3e. Koedoe koemaha piakaleunana sangkan bisa ngadjalankeun, Staatsrichting noe bieu?

Dina congres congres noe sedjen noe bakal dipedar hal Cultuur djeung economie.

Saboedi akal congres teh rek dibarengan koe Indische tentoonstelling djeung Kunstavond.

(Tina de Loc)

Samboengan Sip. no. 35.

### O. O. B.

Naha teu oeninga pakoempoelan andjeun teh, djadi wawakil sahra andjeun, sarta naha teu karaos jen andjeun lamoen teu paheujeuk djeung kantja mitra teh noenggelis teu aja geusan panjarandoean goemantoeng kana benang salambar?

Koering tjitjing ngarasakeun kasaoeranana eta toekang propaganda, koe asa enja doeka bener henteuna mah.

Ngan ngong batoer koering bet mangnembalankeun, kieu saoerna:

Terang sarta ngarasa, tapi koering rek menta boekti, perkara anoe sok karandapan koe kantja koering kieu:

Hidji tjamat rek ngadjoeal bedil, toeloej didjalankeun sakoemaha biasa Kaoeninga koe Poelitie, nelepon ka Komisaris pedah disangka bedil teu aja pasna. Komisaris badami djeung wadana poelisi. Tjeuk Wadana poelisi, oerang akalan bae, keun koe sajah

Kiriniug wadana poelisi nelepon ka Djoeragan Tjamat anoe rek ngadjoeal bedil teh, saoerna:

Di, engke poë minggoe oerang moro djeung toean Komisaris, koedoe sadia, nja!

Diwaion koe Djoeragan Tjamat: Mangga!

Djoeragan Tjamat bak bik boek, meuutjit hajam, njieun lelemper, meureun, da rek moro djeung toean.

Poë minggoe di katjamatan geus sadia goeroedag wadana poelisi djeung Komisaris, bet lain rek moro, horeng pokna ka tjamat kieu:

Poelisi datang ka dieu, arek ngarah rah tjamat, rek ngabeslah bedil tjamat anoe euweuh pasna!

Djoeragan Tjamat olohok, tjara anoe kabembos gelap, horeng ngadjak moro teh akal doang. teu njana . . . . . . . . bari nembal: Bedil naon pas naon?

Ieu pasna ieu katranganana. Rek naon?

Tjamat kelak, ari poetoesanana . . . .

Tah tjing koering hajang terang, eta tjamat anoe „dibehandeld" kitoe, koe O. O. B. naha rek ditanggap bae atawa koemaha? tjeuk batoer koering

Koe koering dipangnembalankeun: Naha eta tjamat teh ngoemaha ka O. O. B.? sarta naha O. O. B. oeningaeun, djeung naha elid O. O. B. atawa lain eta tjamat teh?

Ari tembalna: Naha pakoempoelan teh ngan rek melaan elidna woegkoel atawa naha rek melaan anoe keuna koe panganiaja teu kalawan kasalahanana, djeung deui naha ngan koedoe dikoemahaan bae digawena teh, naha teu koedoe nalingakeun kana noe djadi kasoesahna eta golongan?

Aja deui, saoerna, tjonto anoe perloe kadangoe. Batoer koering djadi tjamat, keur njoesoed njoesoed hidji djelema anoe tjeuk katrangan aja perkarana, lain salawang doea lawang.

Eta djelema ngambeu kawasna, geuwat njieun soerat anonim eusina njeboetkeun jen eta tjamat geus diong kos koe piloerahenn.

Wadana poelisi soemping mariksa tjamat dipariksa, teu roemasaeun, perkara anoe digoegat oge geus aja tiloe opat taoenna kaliwatna.

Loerah anoe tadi padjar ngongkos tea, dipariksa deui, saksi paketrok, horeng loerah sakait djeung noe njieun anonim anoe keur disoesoed koe tjamat tea, da ka loerah njeri hate pedah dilepas tina kaloerahanana. Tjamat teu koengsi dilawoengkeun heula teu koengsi dipariksa djaoeh heula . . . . . . . . . .

(*)

### Ti pipir hawoe.

Tjikeneh mah koering nendjo soerat kabar anjar, Tongkat ngaranna, kaloearna 15 poë sakali. Maloem sagala roepa oge ari ka noe anjar mah sok geugeut tea! Berbet diboeka . . . . . Djol, tjenah, „katerangan hal gamelan".

Seg diilo. Tjindekna koe wali-wali kabeh disoeroep - soeroepkeun kana agama oenggal tatabeuhan oge tjeuk ki Tongkat.

Goong gede minangka pangadjak noe Maha soetji, goong leutik minangka sowantenna Kangdjeng Nabi Moehamad s. a. w.

Koromong noe 24, minangka para nabi noe 24. Rebab pamoeka lawang pikiran, asalna tina basa Arab al bab hartina panto. Sagala aja papandeanana.

Ngan handjakal sok teuing ngamanaanana. Sabab, tjeuk Tongkat, di Tjikeusal, bawahan Banten (meureun alam bareto): aja hadji ngaranna Radi, tina tuatna saban rek salat Djoemaah. . . . . kedah najoeb heula.

Loetjoe lah, moen ajeuna aja noe kitoe! Poepoedjianana teh meureun lagoe Isra, Dengkleung, Degoeng.

Mokaha asana tjeuli moal asa rombeng koe paaloes-aloes ngadji di masigit. Hajang teh koe djrg. Pangoeloe diélingan, lain tempat. . . hahalatana ngan kitoeh di masigit mah.

Atawa soenat kitoe?

Gelenjoe.

(*)

Doeka koemaha oedjoeg-oedjoeg ke leneng telepon ka Tjamat oeugeuna: Tjamat dilepas.

Tah anoe kitoe koemaha koe O. O. B- bade diantep bae?

Ka saha nja koedoe ngoemaha?

Malah aja deui hidjij wadana dikelak perkara boeboek leutik bae, teu koengsi pandjang teu koengsi kitoe teu koengsi kieu, malah boga saugka teu naon-naon, ari dina hidji poé oedjoeg oedjoeg goebrag bae katinggang bisloeit: ontslag wegens ongeschiktheid.

Atoeh Djoeragan Wadana olohok!

Koemaha O. O. B. bade ngadedempes bae?

Mangga njanggakeun!

### Matak boengah.

Dina hidji dinten djisim koering dioek ngaboeroen baloeng, bakating koe bingoeng mikiran ka ajaan alam anoe parantos sakieu geundjleungna, goedjroed di ditoe di dieu, dor dar roepi-roepi pagoejoeban narembongkeun actiena, istoening geter pater binateran, ari emoet koe rumena pagoejoeban mah nja aja bae matak boengahna teh, moeng ari ras kana pasalnana istoening nepi ka soendek raraosan teh, kitoena deui djisim koering moal nemboongkeun timbangan kana kaajaan anoe saroepi kitoe, doepi babakoena anoe djadi kasedihdjisim koering nja eta ka pagoejoeban anoe kantoen ngaranna bae, teu poegoeh raratanana.

Doepi perkawis ieu oge nja sakinten bae oepami dibandingkeun sareng anoe moesna pisan mah, toeh sapertos Pagoejoeban Pasoendan tjabang Bogor, kapoengkoer mah koe panginten teh moeng teu damang bae, sihoreng ieu mah doegi ka adjalna pisan, paradji sakti doekoen lepoes henteu mental.

Teu kinten matak handjakalna, rehing Pasoendan Bogor teu aja pisan toeroenanana, anoe baris nampi waris njepeng kaloenggoehanana.

**Perloekeun loeoehan vergadering Pasoendan di Baledesa Manondjaja Minggoe 1-3-25.**

Parantos doea sasih doegi ka ajeuna, djisim koering mendak wartos jen aja hidji wargi Pasoendan, anoe parantos njekar kana makam arwahna Pasoendan Bogor, njoehoenkeun soepados Pasoendan Bogor kersa nitis, moelih deui ka alam doenja, bakating koe dipoeudjoeng-poendjoeng nja timboel oge karamatna, nja eta aja sora tanpa katingal anoe kieu tasana: Ooo: Poetra-poetra Pasoendan, audjeun sadaja oelah kaget doemeh ejang geus aja di alam kalanggengan, ari saenjaenjana mah ejang teh aja keneh di alam doenja, ari ejang rek nitis hajang miloe deui objag tjara baheula, tatjan manggih pidjalmaeunana anoe koedoe koe ejang disoeroepan, sabab Pasoendan Bogor mah sedjen deui djeung Pasoendan di mana - mana sabab Pasoendan Bogor mah leuwih rotjet, leuwih rewel loba oenak anikna. djadi koedoe manggih djalma anoe temen wekel ngamadjoekeunana Pasoendan. Tapi ajeuna ejang katjida boengahna doemeh geus manggih seke delima Pasoendan nja eta Djr. Kartaatmadja anoe di Kalapa Senggeh tea, tah eta kapertjajaan ejang teh, djeung ejang oge nja kadinja baris njoeroep teh, ajeuna toenggoe bae boektina.

Djoeng ajeuna geura balik bisi kabeurangan.

Naaa! aja alamat doegi ka sakitoe tetelana, pangiuten jaktos Pasoendan Bogor teh baris ngadeg deui.

Djisim koering samboeng doea ti kaanggangan, malak maudar Djr. Kartaatmadja ngaheujeukna Pasoendan Bogor anjar, ginaudjar kawiloedjengan hasil saniskanten maksad.

Sanadjan djisim koering henteu aja di Bogor oge, nanging kabingahan djisim koering henteu aja papadana geus sanes tjarioskeuneun. Nanging sadjeroning boengah teh nja aja bae ari tjangtjaja sareng tjoeriga mah, naha jaktos Djr. Kartaatmadja bade ngadegkeun deui Pasoendan atanapi moeng dina impenan bae?

Moeng moegi-moegi bae sing aja boektina.

Oepami doegi ka ten aja boektina teh, asa pirakoe sakitoe rohna Pasoendan marhoem parantos nitis mah soemoeroep ngadjadi hidji.

Oepami doegi ka gagal teh eta djadi hidji tawis sanes roh Pasoendan anoe njoeroep, nanging roh . . . . . .

Hampoenten Djoeragan!

Baktos hormatna

**Oud Bogoriaan.**

## Rek menta Mulo.

Handjakal pisan waktoe aja algemeene vergadering Pasoendan Tasikmalaja kamari ieu, koering teu bisa njaritakeun talatahna hidji lid Pasoendan ti Manondjaja *). Timbangan koering mah Sympathiek kahajangna teh. Soepaja dimarunahan koe djalma loba katimbang moal loepoet tina goenana oepama koe koering ditjaritakeun di dieu.

Saoer noe boga pangharepan, oepama nilik kana lobana baroedak noe sakola Mulo ka Bandoeng ti Tjiamis, Tasikmalaja djeung Garoet, asa meudjeuna oepama di Tasik, pidajeuheunana karesiden Oost-Preanger. diajaan Mulo. Pikahareupeunana moal soesah pimoerideun, lantaran kaparaban koe sababaraha H. I. S. djeung sakola Walanda. Di Tjiamis aja H. I. S. Goeperemen djeung Schakelschool; di Tasik H. I. S. Goeperemen doea, H. I. S. Pasoendan djeung sakola Walanda; di Garoet H. I. S. Goeperemen. H. I. S. Boedi Prijaji djeung sakola Walanda.

Malah bisa djadi baroedak kaloearan sakola-sakola di karesidenan Tjirebon oge loba noe milih Tasik batan Bandoeng atawa Batawi, pikeun diadjar mah leuwih hade di mana-mana Tasik batan kota - kota noe diseboet bieu: nomer hidjina pisan leuwih miring ongkosna (leuwih moerah) kadoea perkara teu loba (saeutik pisan) gogoda ka noe dialadjar. Kitoe deui pikeun Goeperemen djaba ti ngadegkeunana, ongkosna sateroesna mah leuwih enteng batan moen nambahan deui Mulo di kota kota gede, noe koedoe make roepa roepa toelage.

Sangkan hasil maksoed tangtoe niat noe gede tjara kieu, teu bisa didjalankeun, teu tjoekoep koe hidji pagoejoeban bae. Aloesna koe pagoejoeban noe aja di karesidenan Priangan wetan: Tasik, Garoet Tjiamis. Samemeh „Pagoejoeban pangadjaran Pasoendan" noe ajeuna keur menta rechtpersoonlijkheid ngadeg, Saheulaanan djalankeun op initiatief van Pasoendan.

Oepama, Mulo Goeperemen teu bisa ngadeg, asa naon salahna oepama koe tanaga noe beunang ngahidjikeun tea njieun **bijzondere Muloschool.** Tjeuk rarasaan bakal kabedag. Masing dihantem digoelanggaper oge, ditimbang noe enjaan oge. Tasik geschikt keur studeerenden.

Oge pikeun kasehatan moerid moerid, hawa Tasik teu goreng.

**Bapa boedak.**

*) Moen teu salah djrg. Wiramihardja Wadana Manondjaja, noe njileuk aja Mulo di Tasik teh.

**Red.**

## Goena perniagaan·
**Samboengan S. P. No. 28.**

Naon perloena (hasilna) hidji bank pakeun sanes toekang dagang? sapertos para prijantoen sareng sadjabina? Eta ageung pisan kaperloeanana:

1. Oerang teh kedah ngemoetkeun dina boeloeh ripoeh, soegan ari aja piborahaunana mah oerang moal era nja minerngsaraja ka bank sorangan.

2. Pikeun maksakeun maneh njengtjelengkeun kanggo artos pangaanggo dina sataoeneun, atanapi bekel dina engke parantos rarempo. Sareng koe djalaran oerang njengtjelengan di eta bank oerang sorangan, oerang parantos ngiring roemodjong kana madjengna eta bank, sarta oge oerang roemodjong kana ngamirahkeun tatali hoerip oerang anoe sadidinten, njaeta koemargi eta bank anoe oerang tea, ngadalanan kana Import, djadi barang teh henteu seueur teuing tambihna, margi henteu seueur teuing anoe ngabantoen oentoeng, henteu tatalepa.

Pikeun toekang dagang sareng tani, bank teh djabina ti nambihan kahasilan sareng pikeun namboet artos kanggo ngageungan modal, aja deui. njaeta artos anoe henteu tiasa digolangkeun tiasa disimpen di eta bank.

Paedahna njimpen di bank teh:

1. kenging hasil, oepami di boemi moal.

2. henteu ringrang, henteu melang aja djagaeun.

3. kenging ditjandak dimana perloena.

4. eta artos anoe tadi moebadir oepami koe oerang ditetepkeun di boemi.

Ajeuna mah tiasa ngabantoe ka noe boetoeh sakedap-kedapeun, djadi henteu moebadir teuing, aja toeloengna.

Paedahna ngajakeun bank sorangan djabina ti anoe disebat di loehoer aja keneh anoe langkoeng penting, nja eta pikeun rahardjana nagara sarta pikeun economie. Koe djalaran modalna eta bank teh anoe oerang, atoeh kaoentoenganana oge manawi keur oerang, artos tetep di nagara oerang, moal leupas ti nagara oerang, djadi kaoentoengna eta bank teh tangtoe oentoeng bangsa oerang. Oepami oerang aja oentoeng, tangtos oerang teh tiasa pepeseran anoe tadi henteu pikasorangeun. Artos koe oerang dianggona di tanah oerang, djadi beuki lami beuki seueur artos di oerang, henteu leupas teuing sapertos ajeuna. Geura mangga manahan oepami padagangan batoer mah.

Modal anoe batoer, namboet ti bank batoer, oentoengna eukeur batoer. ari anoe ka dieu teh moeng njemah, bade ngadon oesaha. Oepami parantos aja mah pakeunna tangtos moelang ka nagri-nagrina. Artos kaoentoengan anoe tadi ti **oerang**, dianggona di tanah **batoer**, tangtos bae lami-lami mah oerang teh moal aja naon-naon, da saban tahoen artos teh ngotjor bae ka nagara batoer, sapertos dividend atanapi kaoentoengan-kaoentoengan tina hal dagang ti oerang. Djadi ari kitoe mah oerang ngan didjieun pangoejangan bae. Ari tempat pangoejangan mah salamina oge tara rahardja, paugeusina tetep dina kamasakatan. Tah tjing ajeuna mah eta teh oerang omean. Koedoe dagangan anoe oerang, modal anoe oerang, tanah anoe oerang oentoengna pikeun oerang, dipakena di lemah tjai oerang, da kaoentoengan oge ti oerang keneh. Tadi pribados parantos njebatkeun sagala oge bidjilna ti oerang keneh. Komo deui kapan koe wet oge oerang teh sakitoe ditangtajoenganana. Geura mangga manahan dina perkawis zegelordonnantie. Hidji volkscredietbank meh, dilonggaran pisan atoeran zegel teh njaeta manawi mah soepados oerang mikir, sarta noeloeng ka pangeusi, aelah tiis-tiis djahe bae, tibra teuing.

**Aja samboenganana.**

## Administratie Desa wewengkon Priangan.
**Sb. Sip no. 35.**

Model E. nja eta register pikeun noeliskeun poetoesan-poetoesan desa dina koempoelan, hal ieu kadang kadang dikoeatkeun koe K. T. Resident atawa Ass. Resident.

Ieu sakabeh register tempo tempo beunang disanggakeun ka ambtenaar Europa atawa ka Kangdjeng Boepati oepama dipoendoet, karana eta anoe diwadjibkeun nitenan naha bener hen teuna anoe ng djalankeun.

Dina hal ngontrole atawa mariksana kas desa. diwadjibkeun noe djadi Ass. Wadana dina 6 boelan sakali mah mariksa eta doeit ditjotjogkeun djeung boekoe boekoe, sanggeusna koedoe nanda tangan nerangkeun bener, oepama aja teu tjotjogna koedoe njieun procès-verbaal anoe koedoe diteroeskeun ka Wadana, ti dinja ka Kangdjeng Boepati

Ieu pangatoeran kabeh anoe kaoengel dina besluit K. T. Resident, koemaha dina prakna ngadjalankeun, tangtoe bae aja soelajana da nja eta tangtoe koe rea deui gawe noe lian, moal katjabak sakoemaha mistina, tapi nja sabisa-bisa mah hajang beres di na prakna, tegep administratiena.

Lebah dieu bae heula, tangtos ka pajoen disamboeng margi aja keneh.

**Tina K. M**

## Pindah tempat.

Kantoor-en Toko Pasoendan, Administratie Sipatahoenan nja kitoe deui Vraag en Aanbod ngawitan 1 Maart 1925 pindah tempatna ti Stationsweg 17 ka Stationsweg 33 Tasikmalaja, pajoeneun pisan Societeit Kaweningan Mitra.


## ADVERTENTIE.

Koe djalan ieu kalajan namina wargi-wargi poen bodjo Njai Rd. Dewi Keswara, anoe tilar doenja dina dinten Kemis kaping 19 Februari 1925, ngahatoerkeun rewoe-rewoe noehoen ka soegri anoe ngalajad sareng doemeudeul dina waktosna.

**DIDI.**


## Kahatoer
**Djoeragan Kartawiria**
**Verantw; Redakteur „Soerapati"**
**Regol No. 37 Blok 19A.**
**Bandoeng.**

Kaoelanoen djisim koering hatoer toemaros, panteng hate hajang ngarti maksoedna Sarikat-Rajat anoe ngandoeng elmoe Conmuinisme alias P. K. I. kaloeran Nagara Rusland tea.

Karana; Radjeun djisim koering ngoeping kasaoeran Propagandist communisten maksoedna Sarikat Rajat alias Communisme teh kieu;

a Wahai! Doeloer! doeloer! Kaoem miskin sakoeliah doenja, hiap kadieu karoempeel ngahidji, karana euweuh deui perkoempoelan anoe baris **ngadjait tina tindesan pentjetan Kapitalisme,** ngan **Communisme** woengkoel (**koeboerlah Kapitalisme**).

b Communisme anti Millitairisme (teu resep perang).

c Communisme berdasar Internationaal (henteu mentingkeun kabangsaan)

d Communisme ngewa kana agama lain ngewa deui tapi koedoe diantjoerkeun tjenah! karana agama teh **madatna Rajat**; (tiandoe).

e Communisme teh njokot tina ketjap Communaal, sagala roepa kaaja aa **alam doenja** (mahloek) henteu beunang dipiboga koe hidji hidji manoesa, kabeh oge koedoe pikeun oemoem (**djelema loba**) samarasa samarata.

Koe sabab pikir djisim koering tatjan ngarti tea, dina pasal a sanggeusna koempoel djadi hidji teh rek dikoemahakeun? Prakprakanana ngadjait Rajat si miskin, tina **tindesan pentjetan** Kapitalisme teh koemaha? Kitoe deui ngoeboerna Kapitalisme teh make naon?

Pasal b. Communisme teu resep perangan, geuning di Soemedang Tjiamis Bandoeng Tasik enz; **perang leutik riboet bae,** si miskin teh (Rajat) beuki tambah **sangsara tjilaka,** poegoeh deui teroes **paeh mah,** orakaja anoe tatoe anoe **potong soekoena-leungeunna koegobang** anoe **remek awakna** koe **gegendir** kapan meureun lamoen bisa tjageur deui oge djadi **tampa daksa,** toengtoengna **hiroep** henteu **neut** paeh henteu **hos** lain tambah **sangsara???**

Lalakina **tampa daksa, anak bodjona kokoreakan** hiroepna **kabalangsak,** ari kitoe mah djadi **tambah miskin.**

Pasal c. communisme henteu mentingkeun kabangsaan tjenah! Tjing, mana doeloer Tiong Hoa? doeloer Europa? anoe ngamadjoekeun actie Communisme? geuning oemoemna mah ngan bangsa priboemi bae, bangsana Djrg Karta bae, boektina dina mogok S. S. P. P. P. B. dj. s. t. **bangsa asing** mah djadi **reactie.**

Pasal d. Dina verslag 3 Internationaale Congres di Moscou, agama teh djeung masigit masigitna koedoe **di antjoerkeun.** agama teh **madat** tjenah!

Diantjoerkeun koemaha djrg Karta? Tjing geura prak atoeh! Koering hajang njaho, oelah djrg. Karta, katoet komplot - komplotna? Hajang soteh njaho, eta bae meureun **model!** **tihothat** temen, make **lengkah sareboe.**

Tah! Koesabab kitoe, ajeuna djisim koering njoehoenkeun toeloeng ka Djoeragan Kartawiria, pepeling karangan Hadji Apandi Tjidjoelang anoe kalajan dawoehan Kdj. Boepati Tasikmalaja tea, aja oeni kieu:

Noe matak diseboet boerang,
boektina geus pada terang,
noe diboei pirang pirang
malah loba noe diboeang.
eta teh lantaranana,
salah tjotjokotanana,
resep ngajoenkeun napsoena,
doegal bahoela pikirna.

Tjing mangga djoeragan Kartawiria geura banding bandingkeun sareng kariboetan S. R. di Soemedang Bandoeng Tjiamis Ngewi Tasikmalaja dj, s. t.!

Keuna kadinja pepeling teh, atawa henteu? Salah eta pepeling teh? Larapkeun kana **boekti-boekti Soemedang Tjiamis** dj. s. t.

Naha Leider leider Communisme alias S. R. **henteu aja watirna?** ka djelema djelema **kaom miskin** miskin anoe **tigebroes** kana djoerang?? (**tigebroes** atawa **digebroeskeun**)?

Ngadjait Rajat tina **tindesan** teh, naha koedoe kitoe? make toempah darah **Djr. Kartawiria C. s.** mah; ngan oekoer **diboei** orokaja Rajat mah **perlaja roeksak anggahotana badanna koepancunggeul** djeung **koegobang,** djaba diboekoem deui!

Geura mangga **lenjepan!** djrg-djrg.

Wirapoetra
Tasikmalaja.

## Kagenahan djeung katoegenahan.

Sim koering beak nja panoedjoe kana eusina Sipatahoenan No. 30 njaritakeun kamadjoeanana perkoempoelan perkoempoelan noe baris ngamadjoekeun ka oerang priboemi tina perkara peroesahaan. Jaktos pisan djoeragan-djoeragan sanes koe tjatjalawakan ngomongkeun batoer, njarekan noe sedjen dina koempoelan-koempoelan madjoena sagala bangsa oge, tapi koe badami rempoeg djoekoeng koemaha piakaleunana sangkan oerang babari neangan kahiroepan make djalan noe hade. Poegoeh djoeragan-djoeragan eta noe sok tjatjalawakan tea kaseboetna wanter, wani, teu sieun koe lawang gedong perdio, tapi koesaha diseboetna kitoe teh? hm. koe batoer - batoerna tea bae, da noe sedjen mah njeungseurikeun.

Tjing di afdeeling mana deui noe rek noeroetan tjara di Tasikmalaja djeung Pandeglang oerang priboemi rek barempoeg babarengan oesaha soepaja eta paoesahaan teh bisa ngagedean, kilang bara ngaloehoeran noe bangsa sedjen teh atoeh mapakan mapakan.

Tjenah eta batoer mah loba kapitaalna djeung geus galede deui, his oelah sieun-sieun, memeh galede teh laleutik heula, saibarat teri sakitoe laleutikna na ari geus koempoel mah geuning bisa megatan kapal gede! Teu aja deui akalna sangkan oerang hajang madjoe tea koe leukeun ngamadjoekeun tina perkara paoesahaan.

Dina waktoe ajeuna minangka oerang priboemi geus eungkeut - eungkeut ngarti hajang miloe kana ieu perkara, nja eta koe sabab nendjo make djalan kitoe teh baris pisenangeun kabareupna. Komo lamoen dimimitian koe noe ti loehoer mah saperti di Tasik koe Kangdjeng Dalem, tambah pertjaja abdina teh henteu boga pikiran kadoea leutik.

Mangga sadajana para menak-menak ageung alit sareng djoeragan-djoeragan noe aja kasebatna di Pasoendan sing njaah ka abdi-abdina noe pada kadempet tina perkawis peroesahaan, djoengdjoengkeun! oepami teu koe noe ti loehoer bangsa oerang nja koe saha deui!

Kitoe deui moega-moega ka noe kersa ngaroeroes kana ieu perkawis sing kersa hese tjape oelah moenapek, bangsa oerang tambah madjoe kedah damel kasenangan manah.

Nomer hidji pisan oelah ngirangan kapertjantenan noe djadi lid-lid, margi seueur pisan pakoempoelan koebrana lantaran teu broek brak tina perkawis artos. Noehoen pisan tina ieu perkawis didjalankeun koe kempelan-kempelan di Tasik anoe parantos disebatkeun dina Sp. No. 30, margi eta noe djadi tetengger njawana pakoempoelan-pakoempoelan.

Aeh sim koering kadjongdjonan nja eta koe bawaning genah resep kana verslagna kaajaan di Tasik sareng Pandeglang. Barang keur matja teh ras inget kana koempoelan sorangan Sekar Roekoen bet rada toegenah.

Aja samboenganana.

## Keur noe sok resep toelas toelis.

Oenggal-oenggal bangsa pada ngabogaan basa sorangan.

Aksara djeung atoeran noeliskeunana basa beda-beda. Pikeun bangsa oerang basa Inggris atawa basa Fransch basa hese katjida. sabab njeboetkeuna (uitspreken) djeung noeliskeunana (schrijfwijze) beda saperti kieu: I have not moneij dibatjana ai hev no monie. Dalah noe boga basana oge ngan bisa ngomongna woengkoel, ari noeliskeunana mah loba noe woedoe.

Taloenganan basa oerang ditoelisna djeung dibatjana (diomongkeunana) meh henteu aja bedana. Tapi sanadjan kitoe loba keneh pisan djelema noe salah noeliskeunana basa oerang koe aksara walanda atawa koe aksara Soenda babakoena ketjap-ketjap noe dirarangkenan **na, an, eun, keun** dj. s. t.— ari lantaranana rasa moka ha tea.

Ajeuna di handap rek didadarkeun saeutik - eutikeun atoeran noeliskeun basa oerang noe katimbang perloe.

Lamoen sora maeh make rarangkenan, eun. ing, eta akasara noe dipaeh teh ngahidji djeung rarangken tea, saperti: o—pa—tan, o—pa—teun, eng—go—ning (Dipakena lamoen dina misah djaujaran.)

Sok aja noe noelis kieu: **mangedjokeun** koedoena: **mangngedjokeun,** sabab asal ketjapna kedjo ditambahan **mang k** dirobah djadi **ng** djeung ditambahan **keun.** Sangkan oelah kaliroe oerang neangan babandinganana eta ketjap saperti **mangnjangoekeun. mangmeuleumkeun.**

Lamoen toengtoengna asal ketjap **k** ditambahan rarangken **keun** (biasana dina ketjap pagawean) **k** na koedoe **doea.** saperti: njabokkeun, dikoesroekkeun, babadinganana; neunggeul**keun**, dialoeng**keun.**

Ketjap-ketjap noe sabangsa ditoelisna koedoe saperti ketjap-ketjap noe aja dina omongan kieu:

Saniskara noe katendjo koe saksi di Landrat **dibedier—beaskeun.** Papakean beunang ngaitjin **dika—djerolomarikeun.**

Kahasilan tanah **dika—Batawi—Batawikeun,** baris **diiang—iangkeun** ka sedjen tempat.

Ketjap ketjap tjobe**keun**, roedja**keun** karedo**keun** ambekeun, tjabokeun ma ke hidji **k** sabab ketjap asal ditambahan **eun** lain **keun.** Soepaja gampang ngahartikeunana njokot babandinganana bae saperti augeu**neun** sam**bokeun**, tampilingeun.

**Samboengeun.**

## Pangadjaran Basa Soenda II.

Sering pisan djisim koering nampi serat-serat ti Djoeragan - djoeragan Goeroe mariksakeun katranganana eusina boekoe anoe kasebat bieu, sareng sering ngeeping pamoendoet soepados djisim koering ngadamel handleidingna atanapi djawabanana pananja-pananja anoe aja dina eta boekoe. Nanging djisim koering teu tiasa ngalaksanakeun kana pamoendoetna para Djoeragan tea, lantaran

**Tjing tjobi² oelah ngaloearkeun doeit keur noe teu perloe ! !**

bisi tambah matak mawa kana salah. Ari margina kieu:

Nalika djisim koering djadi goeroe Soenda di sakola menak Serang, djisim koering geus ngadamel sareng ngoempoelkeun oefeningen, taaloefening stijloefening, oenak - anik basa keur kaperloean sorangan, adjarkeuneun di sakola menak.

Wireh anoe koe djisim koering dikoempoelkeun parantos aja opat-lima ratoesna pasal, sarta kaemoet jen eta oefeningen gede goenana pikeun pangadjaran basa di sakola menak sareng sapapadana, sarta ngarah gampang pikahareupeunana, nja koe djisim koering dibeberesan sarta diboekoekeun, ladjeng dikintoenkeun ka Inspektie.

Ari kadjadianana, eta boekoe anoe tadi koe koering dibebener sarta diadjam keur di V. I. O. teh, ana goebrag kedah dianggo di sakola klas II, dipaselangkeun sareng karangan anoe sanes, anoe nambahan kana matak sarosopan.

Dina tjitakan ka doea-kalina koe koering dipitjeunan panjaroengsoem anoe tadi teh, digentos koe bangsana anoe saasal.

Tangtos pisan eta boekoe teh, sanes pipernaheunana dianggo di kelas III sakola kelas II, da koe anoe njieun oge sanes ka dinja diantjokeunana.

Moerid sakola ka II kelas III moal bisaeun, moal beukieun diparaban anoe kitoe, nadjan dipaksa, baloekarna kalah matak tjilaka.

Sami pisan lepatna tempat, eta boekoe di sakola klas II teh, sareng Triwangsa I sareng II.

Koe margi eta djisim koering gadoeh panoehoen ka Djoeragan-djoeragan goeroe soepados eta boekoe Pangadjaran Basa Soenda II sareng Triwangsa I sareng II tea, oelah dianggo di sakola klas II, karoenja ka boedak.

Ka Toean Inspektoer oge koe djisim koering ieu perkawis paranto ditjarioskeun.

Moegi-moegi bae tjios aja kempelan, ngabarempagkeun ngadjar basa, engke di dinja koe djisim koering bari diterangkeun sareng dibedjerbeaskeun naon margina.

Hoermat ka sadaja.
**Soeriadiradja.**

## Roepa-roepa kabar parondok.

Di Tjiledoeg (Cheribon) madjoe pakoempoelan Mangoen Soebaja, toeloeng tinoeloeng sarta njarimpen doeit, anoe djadi Voorzitter Djr. A. Moestapa, Vice Voorzitter S. Wirasoma, Penningmeester M. Atmosendjojo, Secretaris T. Wiradiredja, Commissaris H. Abdoellah, t. Wargadinata enz.

Mangoen Soebaja Tjiamis anoe geus pirang pirang ratoes lid sarta poeloehan reboe doeit ajeuna moesna, moal salah semangetna pindah ka Tjiledoeg moega moega hiroep soeboer.

—o—

Regent Semarang Raden Adipati Aria Boerbadiningrat sareng Raden Ajoena dina boelan April bade njarajakeun (ngabangbrangkeun) panggalihka Nederland bari deudeuheus ka Sri Maha Radja, tiasa djadi teras ka Parijs ka Berlijn handjakal teu aja kabar bade njimpang ka Mekah. Pandjenenganana sanget ngandoeng soengkawa ditilar poepoes koe poetrana moeng hidji hidjina pikeun tjadang Boepati, manawi lipoer di nagri Walanda.

—o—

Di Djokjakarta waktoe mirad ka roempoel 26000 djelema anoe miloe iring iringan Oemat Islam eta noe sakitoe marawa bandera Islam hedjo djeung boelan sabeulah. Di oenggal imah pada sasadia tempat pamondokan koe kerna allah ka sakoer oerang djaoeh anoe miloe iring iringan. Di Soerabaja, Garoet, Solo Kapandjen, Geresik dj. Pakalongan oge aja iring iringan sarupa kitoe.

—o—

K. T. Resident Priangan geus nerangkeun ka Aneta jen oerang oerang kampoeng mah kabeh geus babalik pikir pada maroelangkeun kartjis Sarikat Rajat lantaran asa ditipoe, ajeuna maranehanana biloek ka Bestuur Kaamanan nagara ajeuna geus aja di na tangan Bestuur. Pamingpin Goenawan, Darmoprawiro djeung Sanoesi geus ngarasa sarieun teu daraek tjitjing di imah tapi pindah pindah hotel bae.

Meh kabeh sakola Rajat ditoetoep, Tjitjalengka goeroena ngiles, ajeuna keur diteangan, moerid moeridna sakola rajat hese meunangna deui tempat di sakola Gouvernement lantaran katinggaleun teuing.

Ngan tinggal di Tasikmalaja djeung Tjiamis anoe masih aja Communisme tapi da geus rea antina. Di Soemedang Soreang Oedjoengbroeng Bandjaran geus moesna sama sakali.

Di Bandoeng masih njaroempoet hidji hidjieun.

—o—

Di Bogor geus ngadeg pergerakan anti Communisme, di Tasikmalaja di Tjiamis oge aja, dimana deui? Noe kaseboet nomer 2 djeung 3 djalanna ngoedag Economie dadasar Agama djeung darigama.

—o—

Toean Doorman Theeplanter di Kalapanoenggal bawah Tjibadak hilang lantaran aja noe newekan, papariksaan keur didjalankeun koe Commandan E. H. Rob djeung koe Commissaris R. Soemitro. Toean D. tadina djadi Administrateur Afd. Bank Madjalengka.

—o—

Tjek H. B. doeit anoe geus katarima koe Wonosobo nepi ka 20 Febr. '25 aja f 206780 65 (doea ratoes genep reboe toedjoeh ratoes dalapan poeloeh roepia genep poeloeh lima sen)

Berkahna anoe kawasa pitoeloengna anoe dermawan, moega moega ieu deuit tjoekoep saiian ti keur njieun imah imah teh, aja geusan pisarateun kipajah.

—e—

### Steuncomite Wonosobo.

Di Tasikmalaja anoe parantos ditampi f 721,79[5]

Ti saha deui?

# K A B A R.

### Tina s. k. Walanda.

Dina hidji rioengan Journalisten president Doumergue (Frankrijk), nerangkeun (njeboetkeun) jen Duitsehland boga hate ngoenek-ngoenek boga angen-angen goreng, Katjida teu adilna, jen peta-peta Frankrijk, anoe saestoe-estoena dilampahkeun woengkoel pikeun nangtoekeun kaamanan (kasalametan) nagarana, disangka dilantarankeun koe karep hajang ngereh nagara deungeun (imperialisme).

—o—

Hidji firma ti Zuid Afrika aja maksoedna rek ngadon dagang sigaret di Hindia, ngadoean oedoedeun di dieu.

—o—

Noeroetkeun Gouvernement besluit tarif bajaran sakola klas II geus ditetepkeun robahanana.

—o—

Kapala sakola Rajat di Tjitjalengka dilarang koe Resident Priangan, di djero genep boelan teu meunang ngadjar. Noe djadi lantaran sabab moerid-moeridna sama sakali teu aja kaboresanana.

Pangadjaran di ieu sakola jakin pisan ngandoeng maksoed, neangan djalan nepikeun adat teu poegoeh.

—o—

Toerki djeung Griekenland patjogregan, lantaran hidji patriarch (padri) Griek, koe Pamarentahan nagara-nagara Sarikat ieu kadjadian ditengetkeun pisan, koe sangkaan djelema ieu kadjadian moal djadi hoeroe-hara oepama diberesan ati-ati.

—o—

Oe oesan Toerki Jevad 'Beij, geus nepoengan Quai d' Orsay ngabadamikeun patjogregan diantara Toerki djeung Griek, Jevad Bey nerangkeun, jen Toerki baris nampik kana miloe oeloe-bioengna Haagsche Hof ngoeroes ieu perkara, noe geus divoorstel koe Griekenland.

—o—

Soerat kabar - soerat kabar pada mere timbangan jen katjida pisan perloena ngajakeun actie nagara-nagara sarikat, Heriot pangpangna pikeun ngarapihkeun oetoesan-oetoesan ti Toerki djeung Griekenland, soepaja oelah beuki pohara papaseaanana diantara ieu doea nagara.

Kanjaan Toerki, oepama noeroetkeun pangadilan, katimbang taja salahna ngalampahkeun noe di loehoer.

—o—

Roepa-roepa papaseaan Toerki djeung Griek bisa djadi katjida. Kabar kabar Griek teroes terang bae, jen balad-balad perang Griek geus beres baris ngadjaga hak-hak nagara. djeung ngalampahkeun pagawoanana.

—o—

Lantaran di Yougo-Havie rea pisan oerang Griek, noe ortodox (boehoen) keneh. Zarmantes oetoesan Griek di ieu nagara, menta soepaja Pamarentah ieu nagara menerkeun kana prak-prakan Griek, dina djeroning ngoeroeskeun ieu perkara, sabab Yeugo Havie perloe miloe tjampoer kana ieu perkara.

Koe sangkaan. Inggris baris mangmeunangkeun Griekenland.

—o—

Rea kabina-bina amtenar noe wahel. di djero perlop, atawa lantaran naon bae noe geus araja di nagri pinanggih djeung kakoerangan, kamasakatan.

Tjek hidji soerat kabar nepi ka aja oeroet amtenar Hindia noe ngahadja meupeus-meupeuskeun katja batoer soepaja dirawat koe poelisi.

Rea pisan noe datang ti Hindia di di oena riboet neangan pagawean.

Hidji Oud-inspecteur van financien nepi ka koedoe neangan vertaalwerk baris nambah-nambah djalan kipajah.

—o—

Noeroetkeun kabar ti Athene, Raad Minister minister Griek, geus ngabadamikeun atoeran balad djeung pamaksoedan meuli pakakas perang.

Pikeun artillerie ieu nagara geus meson ka nagara sedjen.

—o—

Di Trikala (Griek) aja kariboetan dilantarankeun koe kaom koemunis. Kantor-kantor pos djeung sababaraha wawangoenan biasa roeksak, dibaraledogan make batoe.

Dina djero riboetna djeung poelisi, ti noe ngaroesoehkeun teh aja 5 oerang noe maot djeung sababaraha hidji meunnang tatoe.

—o—

Lantaran sarieuneun kadjadian opperrabijn-na di kaloearkeun ti Toerki, bangsa Jahoedi, miloe teu paranoedjoeeun kana ngaloearkeun patriasch Griek ti ieu nagara.

Noeroetkeun kabar ti Warschau, paparentahan Sovjet di Minsk, geus moetoes, jen oerang Pool noe rea tanahna koedoe dioesir ti West Rusland.

—o—

Keur waktoe ngabadamikeun begrooting Marine di sababaraha bagian Eerste Kamer, aja sawatara lid anoe njeboetkeun, jen oepama Nederland, pikeun ngadjaga Hindia perloe make vloot, eta nagara oge perloe koedoe miloe ngoeroes piwaragadeunana.

Dioenta katrangan katrangan tina perkara pamaksoedan - pamaksoedan Vlootwet.

—o—

Oerang Toerki geus ngoesir priester (padri) bangsa Walanda Mgr. Smits ti Tiflis, ka Perzie. Djeung 20 padri-padri noe sedjen, diauteurkeunana saperti ngirimkeun djalma bojongan.

—o—

Ngadobel djalan kareta S. S. diantara Wonokromo - Bangil, dianggap hade (perloe) koe derektoer G. B.

—o—

Pertjobaan ngadjalankeun locomotief di pagoenoengan - pagoenoengan make residu (gegedohna minjak tanah) hade kadjadianana.

—o—

Dr. Soen Jat Sen noe geus kabedjakeun maot, nepi ka doea kali, ajeuna kataradjang koe kasakit. Noeroetkeun sareat djadi rada ngooatan badanna.

—e—

Departement van Oorlog Frankrijk njeboetkeun, jen teu ngadenge djeung teu pertjaja kana ajana papanggihan tina hal scheikunde oerang Duitschland noe dirasiahkeun, nja eta njieunan bom, noe koe oetoesan Frankrijk, Balttniger, diseboetkeun, tanagana nepi bisa ngaroeksak nagara atawa benteng-benteng di djero djam-djaman.

—o—

Minister van Oorlog Toerki nerangkeun jen Toerki emboeng noeroetkeun panangtanganana Griekenland peperangan. Noe dipikahajang koe Toerki, taja deui woengkoel, ngan hajang bisa ngadjalankeun karep sorangan. Kabeh (sakoeliah) nagara Toerki ngahaminan kana prak-prakanana pamarentah. Ieu nagara sanggoep nadahan sagala roepa noe rek kadjadian.

—o—

Di Triest redactie - bureau koran Liberta dioebrak-abrik, diroeksak koe 150 djelema noe teu poegoeh katranganana samemehna ieu katjilakaan. kadjadian Liberta teh, ngritik hidji kommandant fascistische militie.

—o—

Ondermarschalk voor de luchtvaart diensten, toean Braucker (Inggris), njeboetkeun, jen bisa djadi oepama diajakeun perdjalanan kapal oedara noe angger di djero 8 boelan tina sataoen, diantara Calcutta djeung Rangoon.

Oepama aja modalna diantara ieu doea tempat bisa didjalanan oenggal poe koe Vliegmachine.

Ieu moestahil oepama kabeneran ieu maksoed djadi bisa dipandjangan nepi ka Singapoer djeung Bangkok.

—o—

### Kabar dagang.

**Soerabaja 25 - 2 - '25**

| | |
|---|---|
| Goela pasir sapikoel .... | f 13— |
| Kopra „ .... | f 18¼ |
| Kopi „ .... | f 71— |

—o—

**Batawi 23 – 2 – '25**

| | |
|---|---|
| Tipoeng tarigoe Harisson | f 6.10 |
| Beas Krawang sapikoel | f 10,30 |
| Minjak kalapa Tjiamis | f 9.60 |


## HAK TANAH

**dina wewengkon Hindia Nederland. (Rechten op den grond in Nederl. Indie).**

Seueur keneh anoe teu atjan oeninga tina perkawis hak tanah, doegi ka sok sering djadi panjerewedan, ajeuna parantos kaloear boekoe pangaweroeh perkawis hak tanah, dikarang koe Mr. JAARSMA advocaat di Soerabaja, ieu boekoe perloe kaoeninga sareng digaraleuh koe perjaji B. B. Panoengtoen pergerakan sareng koe para soedagar.

Disajagikeun di toko van Dorp & Co.

**pangaosna moeng f 7.50**



**Awas! Adres Awas!**

## „Toko Soenda" Proewita Trisna

**HALTE PARIGIE VIA BANDJAR S. S. W./L.**

Nembe nampi kintoenan ti Europa.

Djas boedjan karet soetra model Prins van Oranje poelas kopi nganggo ban á f 35.—

„ „ „ „ „ Prins of wals poelas aboe-aboe zonder ban á f 30.—

„ „ „ Water proof, poelas telor asin nganggo kerepoes á f 22,50

„ „ „ „ „ sawo mateng zonder „ á f 20,—

„ „ „ „ warna-warna poelas, roepi-roepi oekoeran á f 15,— t/m f 17,50

Roepi-roepi rantai horlodji perak bakar diadoe manis soewasa.

„ kantiing perak bakar kanggo djas warna-warna.

Koffer besi, koffer koelit roepi roepi oekoeran enz. enz.

Sadaja pangaos ditanggel langkoeng mirah.

Barangna modern netjis-netjis.

Bilih seepeun soemangga para djoeragan enggal ngadamel serat pesen, saladjengna barang-barang pesenan dikintoen rembours.



**N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij**

## „INDONESIA"

**Kantor loeloegoe** **Bandoeng.**

**Bragaweg No. 37/39** **Telefoon No. 1135.**

Njaeta hidji pagoejoeban bab ngagolangkeun artos noe oerang priboemi, noe ajana pangpajoenna sareng pangloehoerna.

Margi

Diadegkeun koe Boemi Poetra.

Dimodalan „ „ „

Ditoengtoen „ „ „

Dioeroes „ „ „

Keur kaperloean „ „

Nampi sagala roepi asoeransi djiwa sareng Studiebeursen (tjengtjelengan keur diadiar). Katerangan noe langkoeng paos moendoet ka Directie sareng agen-agen.


# IMPLIK-IMPLIK

## Nji Djoeminem.

**Koe K. M.**

**Samboengan Sp. no. 35.**

**(Diwagel dipetik).**

### Njarajakeun pikir.

Koe lantaran kitoe ajeuna Nji Djoeminem boga rea kawawoehan, malah geus njobat pisan ka poetrana djoeragan Loerah, Nji Antasiah anoe saoemoer djeung manehna. ngan papanggihna teh saminggoe sakali doemeh keur sakola di dajeuh.

Nji Djoeminem geus hajang indit bae kadajeuh maksoedna arek poepoelih ka Nji Ijah sobatna tea, tina meh teu sabar ngadago ka Saptoe sore.

Harita poë Rebo; isoek isoek keneh manehna geus dangdan loeis pisan toeloej njampeurkeun Embina anoe keur di tjai keneh, atoeh teu kira-kira kagetna „rek kamana Endjoem isoek-isoek geus midang bangoen rek njaba djaoeh?"

„Moegi aja paidin Bibi, abdi bade ka dajeuh nepangan Ni Ijah."

„Naha kira kirana loedeung di djalan?" Bibina teu harese deui pikirna keun bae sina njaba, soegan diditoe aja bongbolong kana hatena.

„Loedeung, da sok rea ieuh batoer di djalan mah" tembal Nji Endjoem bangoen noe soeka pisan.

„Ih, eta emoi mah nanja soteh bisi teu bisa meuli kartjisna, ari di djalan mah poegoeh rea batoer."

„Bade tataros bae, meser kartjisna mah."

„Nja los bae tapi oelah meuting, kareta palolohor koedoe geus balik."

„Atoeh hamo tiasa Embi, kapan Nji Ijah oge poekoel satoe kakara kaloear.

„Hade atoeh noe sore oge, tapi na ha atoeh inditna isoek-isoek teuing?"

„Kapan abdi teu atjan terang di sana mondokna sareng bilih lami neanganana, ari sakolana mah terang di H. I. S. ka doea."

„Los atoeh, bekelna mah aja keneh noe kamari ieu meureun nja?

„Kantenan aja keneh" tembalna bari indit roeroesoehan.

Barang keur leumpang kira meunang 3 gawang Djoewar prok pareng papapag tina pengkolan djeung Isna keur ngareket nanggoeng soeloeh Arbasia djoealeun. Nji Endjoem atoh tjampoer djeung era, doemeh Isna teh anoe ka tjida bogoheunana ka manehna tapi direheng koe Embina, da teu doa ari Endjoemna mah da poegoeh sasama aja oge pikiran ka Isna teh. orokaja kabalang koe Embina.

„Lah naaa aja kabeneran teuing!" tjek Isna bari ngahegak koe beurat djeung atoh, „rek kamana Njai leumpang semoe roesoeh? Djeung na asa bagdja teuing oeing bisa babarengan nja eta rek njarita . . . . . . eh ajeuna mah samar kana pikatepieun, ngan . . . . . . semoe hareseun Djang Isna ngomongna.

Nji Endjoem katjida karoenjaennana nendjo pagawean kang Isna sakitoe dodogeranana, karoenja doemeh maksoedna hese kaladenanana, omong na melas melis: „Ngan . . . koemaha kang Isna? Da ari tjara ceing mah ti bareto oge angger."

**(Aja samboenganana).**

## Preanger Chemicaliën Handel.

**Tasikmalaja.**

**Ontvangen:**

Karel 1
Delftsche
Moortjes
La Semeuse
} Sigaren

---

**TOKO PALEKAT**

## AMING ABDULHAMID

**PASAR BAROE 88, BANDOENG.**

Sajagi roepi-roepi *Saroeng Palekat* tjap Korsi, tjap Mobil (M. M. H.) noe parantos bekend kakiatannana, ditanggel teu tijasa loentoer sareng seueur deui roepi-roepi Palekat noe teu kasebat di dieu.

Roepi-roepi sareng Boetra, Samarenda, Poentianak, Trengganoe, Poleng damelan Priangan Poleng Cheribon sareng nampi pesenan Poleng damelan Cheribon, Priangan, tjoretna noemoetkeun sakoemaha kapalaj sajagi No. sareng No. 2.

Roepi-roepi barang Koeningan damelan Djogja, Soerabaja, Bandjarmasin, Cheribon sareng Soemedang. Sareng nampi pesenan Ketoe-oedeng, model Kasoendan sareng Kadjawan. padamelan ditanggel sae.

Barang-barang noe kasebat di loehoer pangaos direken mirah, keur itjaleun deui langkoeng mirah. Mangga enggal ngagaleuh (pesen) ka:

**Toko Palekat, Tinoenan, Koperartikelen en Ketoe-oedengmakerij**
Pajoeneun Pasar Baroe pisan No. 88.

---

## Toko Obat N. V. Internationale Apotheek

### en Commissie Kantoor

**Kranggan Temanggoeng (Java).**

No. 35 „**Minjak pelet**" jaitoe seroepa minjak obat jang aneh dan djarang ada en amat bergoena voor orang lelaki . . . . . . . f 10,—

„ 36 „**Bedak kalika asem**" boeat penjakit koelit ilangken panoe koekoel djarawatan boesik ketoesahan enz. f 0,70 . . . . . . f 1,25

„Broeke Soap" saboen tjoetji, medja marmer krosi Meubels enz. à f 0,30 per stuks „QUIK" Obat Antie Baciel perloe digantoeng dikamar kakoes (Kamar 100) goedang kamar mandi kamar tidoer enz. per doos . à f 2,50

„DIABOLIQUE" Eaude Cologne 600%, dia poenja kras dingin, mendjadi Anjesnja (Dinginnja) di Hindia kita sendiri arga . . à f 3,50

Lagi segala saboen wangi Capitola sandalwood Maschmejer Kezer-Borak, Wolf & Son, Carbol enz. arga matjem-matjem dan tanggoeng toelen.

Botol „DELPHIN" boeat saring Aer, diantero tempat jang ada aer lantas bisa dapet aer bersi bening, tida takoet ada baciel merki, binatang lemboet enz. per atuk . . . . . . . f 7,50

Engelsche kitlijm ada lijmpoeder boeat boeat bikin betoel barang petjahan dari glas kajoe poorselin enz. f 0,50 . . . . f 0,74

„Madoe mondrogoeno" perloe boeat anak-anak baji dan sakit panas batoek dan bole boeat makan roti thee dan lain-lain menoeroet orang poenja soeka sada . . . . . . . . f 1,—

„Tabak-Saus" Minjak Tembako ini botol tjampoer dengen 50 kati tembako atawa daon tembaco boeat cigaret of sigaren lantas itoe sigaren of bahoenja

„ 40 Obat njonja-njonja tjemer kaen, tida tentoe pektaij (kepoetihan) dateng boelan tida tjotjok dara kloearnja banjak of sedikit tida tentoe . f 3,—

„ 41 Obat tjioem dengen pipa comoleet f 1,50 dan . . . . . f 1,—

„Gadoeng madoe" jang banjak goenanja boeat ilangken demem malaria panas dingin sakit toelang linoe rhematiek lempoh orang prampoean dateng boelan tida lampeas (tida tjotjok) prampoean abis branak koeatken badan, dan bikin banjak menderesken aer tete soesoe (bikin) orang lelaki koewat badan (koewat sjahwat enz. . . . . . f 3,50

„Castorwater Obat bikin lembek kotoran bikin gampang boeang aer ari-ari pemadatan perloe minoem ini obat bikin tjahaja mera srenta bikin oemoer pandjang . . . . . . . . f 3,—

„tjahajo bersinar" boeat lelaki dan prampoewan jang soedah kempot mengkiroet pipinja en djidatnja lantas djadi moeda kembali srenta bertjahja bagoes . . . . . . . . f 2,85

„Penjoeboer poehoen kelapa jaitoe poehoen kloearnja djadi lipet 2 kali dari biasa . . . . . . . . f 2,—

„pijnbalsem dari Dr. Glaser" meestadjab sekali boeat sakit loeka-loeka kroeng-koreng oepas-oepaaan en penjakit koelit enz f 2,75 . . f 4,50

„Ramboet tjemara" koeat njoejah ada kleur itom mera dan harga dari f 2,75 f 3,50 dan . . . . . . . . f 5,—

Stroobin. Topi roempoet panama enz. jang lama dan boeroek bisa djadi baroe, kalo sadja di tjoetji sama ini obat jang aneh dan 1 djam klaar, per pak . . . . . . . . à f 0,90

Selamanja boleh dapet beli pada

**N. V. INTERNATIONALE**
Apotheek en Commissie Kantoor
Kranggan - Temanggoeng.

---

## TAN HOEN AUW

**Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.**

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Tina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha karaosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soedados salamina waos sehat beraeka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos
**TAN HOEN AUW**
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

---

## Toko Saderhana & Kleermakerij

**DAMES HEEREN en KINDER MODE ARTIKELEN**
**STATIONSWEG 41 TASIKMALAJA.**

Sajagi roepi-roepi panganggo istri pameget sareng moerangkalih, sapertos: selop sapatos, Topi Kamedja, Pijama, saroeng-saroeng Palekat, Koetang, Kamedja istri, blouse. Rookartikelen.

Roepi-roepi lawon piraksoekaneun, roepi-roepi entjit partja, soetra polos anggoeun kekemben sareng piraksoekaneun, roa deui barang-barang marodel, araneh, sarae, anoe sesah oepami ditataan bidji-bidjina. Sadaja pangaos ditanggel mirah.

Kadjabi ti ngitjalkeun barang-barang marodel, araneh, sarae teh, nampi padamelan kengkenan roepi-roepi anggoan istri pameget sareng moerangkalih, koemaha kapalaj? moal henteu kalaksanakeun, margi toekangna kenging milih anoe parantos kasohor radjinna, tangtos tiasa noemoetkeun sakapalaj toer ongkosna henteu awis deui.

Mangga boektikeun!!

Noe ngantos pesenan
**poen H. MAKSOEDI**

---

Universeel Agentschap

**TOKO**

## NIC MULLER

**Goenoengladoe**
**Heerenstraat.**
**TASIKMALAJA**

Sajagi aroteun sareng katoeangan noe raraos.
Ketjap benteng noe raos pisan.
Sardentjis noe sae pisan.
Soesoe manis sareng entjer.
Sirop seungit sareng raos.
Brendi, Weski, anggoer - anggoer. Bier.
Saboen mandi noe katjids pisan saena.
Roepi-roepi sesepeun:
Soeroetoe aralit sareng arageung seungit raos.
Kedjoe potongan (nganggo boengboe).
Kedjoe blik toelen.
Boeah aer, kopi, saboen seuseuh s. s. t.

**Oelah lepat soemping ka toko njobi-njobi ngagaleuh!**

---

## BOEKOE BOEKOE

Tjing djoeragan-djoeragan, memeh angkat ka Bioscop tingali heula TOKO BOEKOE PASOENDAN, di dinja kapendak warna-warna boekoe wedalan BALE POESTAKA anoe marodel roa woewoehna ti anoe parantos-parantos.

Ditanggel roa boekoe anoe teu atjan kaaraos, mangga poendoet daptarna.

**Pasoendan-Tasikmalaja**

---

## Hotel SIANG HAY

**STATIONSWEG**
**Tasikmalaja.**

Adres jang soeda tersohor, pemelibaraan bagoes netjis, model sekarang, penerangan menjenangkan, pembajaran bersaingan.

Djangan loepa toean-toean dan sobat-sobat silahken dateng di saja poenja Hotel, tentoe tida aken ketjiwa.

---

## „OSMIA."

**Nembe dongkap!**

VULPEN „Osmia" anoe kasohor tea.

Nganggo kalam noe awet saoemoer hiroep, moal tiasa seep.

GAGANG PERAK roepi-roepi MODEL, diwadahan kana tjepoek koelit, sareng patlot perak, peso alit perak, blocnoot nganggo djilid koelit sareng wadah oeang kertas, patlot sareng pena.

GINDING! GOENA! AWET!

Pangaosna aja noe f 12,— dongkap ka f 75,— satjepoek.

Manggga taringalian di
toko boekoe
**L. A. LEZER.**
Djalan Station No. 12 Tasikmalaja

---

**Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja.**

## KOEK-EN BANKETBAKKERIJ

**Fabriek**

### RADEN NATAMIHARDJA

**Stationsweg Tasikmalaja.**

Tiasa midamel sareng njajagikeun roepi-roepi koeweh taartjes ensi pontang di noe badjat. Roepi-roepi koeweh kering (banket) 1 pond pangaos f 1,— doegi ka f 3,— enz.

Koeweh Gato (taart) anggoeun papaes pangantén roepi-roepi pangaos roepi-roepi raosna (saena oge) ti f 1,50 doegi ka f 10,—

Pangaos mirah padamelan di tanggel sae sareng bersih.

---

## N. V. Handel Mij. „GOENA PERNIAGAAN" Bandoeng.

**ALGEMEENE AANDEELHOUDERS VERGADERING.**

Dina dinten AHAD kaping 1 Maart 1925 taboeh 8 endjing-endjing bade diajakeun ALGEMEENE AANDEELHOUDERS VERGADERING. Tempatna di gedong Himpoepoenan Soedara Moskeeweg No. 7 Bandoeng.

Sadajana aandeelhouders dioeboenkeun soempingna sareng Aandeelbewijzen kedah ditjandak.

Ti wangkid kaping 16 sasih ieu, Verslag, Balans sareng Nota Verlies & Winst tiasa ditingalian di kantorna Maskape Gang Lindeteves No. 42 Bandoeng, ti taboeh 8 endjing-endjing doegi ka taboeh 5 siang.

Anoe bade ditjarioskeun:

1. Notulen vergadering taboen 1924
2. Verslag taboen 1924.
3. Ngesahkeun Balans, Nota Verlies & Winst sareng netepkeun divident taoen 1924.
4. Masihan Acquit'en Decharge ka sadaja bestuur.
5. Sareng roepi-roepi deui anoe perloe ditjarioskeun.

De Directeur.
**Mh. NAWAWI.**

Dioeboenkeun sido galihna sadaja aandeelhouders anoe maos ieu Advertentie soepados oersa ngawartoskeun ka aandeelhouders G. P. anoe sanes.

---

## SIK DJOEN KWAN

### TOEKANG GIGI

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang toeang anoe raraos teh, meh teu aja anoe ngemoetkeun kana kasehatan waos mah, margi sakoer anoe ditoeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanes. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas sanis-kanten aja. Ngaratakeun waos ngabersihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos *kilat-tatit*, koe margi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan-djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna,
**SIK DJOEN KWAN**
Sarimbit.

---

## SINSHE TAN KOO HWIE

**ti SHANGHAIJ**

**Ngahidji sareng Toekang gigi Sik Djoen Kwan.**

Kawentar Tabib toeroenan TJOW TWAN, mang taoentaoen matoeh di Sang Hai nanging koemargi timboel bahaja perang tea, kapaksa sim koering njingkah, nja ka dieu.

Roa serat poedjian sareng anoe njarebatkeun jen djadi kaoentoengan ageung pisan ka oerang dieu, lantaran aja sim koering, tingali kaajaan landong sareng petana ngalandongan.

Moeng handjakal saeutik reh sim koering di dieu meh teu pati tiasa leres leres kana Malajoe, kedah basa Tjing Im bae, noemawi ngahadja moegi-moegi koe lantaran ieu Serat kabar tiasa njebar aroeningana kana ajana toko Sim koering.

Tiasa ngalandongan: kolera, batoek gangsa, panjakit koening, Radjasinga, tjindekna anoe bangga-bangga mangga sim koering heula tjobian, raoskeun. Ngalandongan moerangkalih, anoe salesma, lebet angin, moeriang, panas tiris sareng roa² deui.

Pembajaran nimbang-nimbang kana kamampoehan, anoe teu kiat mah vrij.

Anoe bade djangdji dilandongan doegi ka saena (Pauw Ie) sae badanten bae.

Nampi tamoe: taboeh 8½ doegi ka 11
taboeh 3½ doegi ka 6 sonten.

---

**TOKO BOEKOE**

## M. I. PRAWIRA - WINATA

**GROOTE-LENGKONGWEG 1. BANDOENG.**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Wawatjan | Djaka Oembaran . | f 1,35 | Elmoening basa Soenda I. I. . à | f 1,— |
| id. | Kintamboehan . | f 1.— | Djajaroekmantara . . . | f 1,50 |
| id. | Agoes Gembang . | f 0,15 | Kalakoean djoeroe tani djeung monjet . . . . . | f 0,40 |
| id. | Soedagar Ali . . | f 0,15 | Tjanta Si Joenoes . . . | f 0,10 |
| id. | Praboe Oedrajana . | f 0,30 | Oetjing diistiwal . . . | f 0,50 |
| id. | Praboe Mereseepadma | f 0,75 | Kaoelinan boedak Tjilamaja . | f 0,30 |
| id. | Pandji Woeloeng (aksara Walanda) . . | f 1,88 | Babad Tjirebon . . . | f 1,— |
| id. | Pandji Woeloeng (aksara Soenda) . . | f 2,40 | Noenggoel pinang I. II. . | f 3,55 |
| id. | Rasiah Priangan . | f 0,60 | Darma Poesaka . . . | f 0,60 |
| id. | Djaka Soendang . | f 0,35 | Poelo Karang . . . . | f 1,25 |
| id. | Kadoeboeng tara ti heula . . . . . | f 1,— | Opat boedak pahatoe . . | f 1,20 |
| id. | Moehamad Hasan . | f 0,15 | Aom boerej . . . . | f 1,— |
| | | | papatah mader roemah sakit djeung doctor desa. . . | f 3,38 |

Volksalmanak 1925, Soenda — Malajoe — Djawa . . . f 1,—

Boekoe noe kasebat di loehoer teu atjan ongkos ngintoenkeun. prijscourant mah teu kedah ngagaleuh, mangga bae poendoet

---

**Mangga ngalanggan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed**